

KHUTBAH PERTAMA

إِنَّ الْحَمْدَ لِلَّهِ نَحْمَدُهُ وَنَسْتَعِينُهُ وَنَسْتَغْفِرُهُ وَنَعُوذُ بِاللَّهِ مِنْ
شُرُورِ أَنْفُسِنَا وَمِنْ سَيِّئَاتِ أَعْمَالِنَا، مَنْ يَهْدِهِ اللَّهُ فَلَا مُضِلَّ لَهُ
وَمَنْ يَضِلَّهُ فَلَا هَادِيَ لَهُ.
أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا
عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ.
اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ وَمَنْ تَبِعَهُمْ
بِإِحْسَانٍ إِلَى يَوْمِ الدِّينِ.
قَالَ اللَّهُ تَعَالَى: يَا أَيُّهَا الَّذِينَ ءَامَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ تُقَاتِهِ وَلَا
تَمُوتُنَّ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ. أَمَّا بَعْدُ

Kaum muslimin sidang Jum'at rahimakumullah

Ngawitan kutbah ieu, khotib wasiat, khususna ka diri pribadi, umumna ka jamaah sadayana, hayu urang ningkatkan keimanan sareng katakwaan urang, kucara ngajalankeun parentah Alloh sareng nebihan larangan-Na.

Saterasna, hayu urang syukur ka Alloh, kumargi kuayana hidayah sareng taufik anjeun-Na, urang tiasa kempel di majlis ieu, kanggo ngalakonan salah sawios kawajiban urang salaku muslim, nyaeta sholat Jumat.

Shalawat sinareng salam mugia tercurah ka Baginda Rasulullah SAW, anu parantos masihan tauladan sareng bimbingan, sahingga urang yakin dinu ngamalkeun ajaran Islam, terus ngalengkah di jalan anu diridloi ku Alloh Subhaanahu wa Ta'ala.

Ma'asyoril Muslimin Rohimakumulloh

Di dunia ieu aya dua hal anu saling berlawanan, sapertos siang sareng wengi, atanapi anu hak sareng anu bathil.

Nyikepan antara perkara anu hak sareng anu bathil, salaku umat Islam, tangtu urang bakal netepkeun diri ngabela anu hak, dimana hal ieu dumasar atawa saluyu sareng ajaran agama anu dianut ku urang, nyaéta Islam.

Pikeun ngabéla bebeneran anu saluyu jeung ajaran agama Islam, tangtu butuh perjuangan anu teu gampang.

Dinu hal ieu, aya opat prinsip dina perjuangan, nyaéta:

Kahiji, kudu istiqomah atanapi neguhkeun hate. Istiqomah dina perjuangan teh kacida pentingna, sabab ku modal eta, urang bakal terus-terusan berjuang, kucara sae anu tiasa dilakukeun ku urang, sangkan bebeneran agama bisa tumbuh subur di lingkungan urang.

Mun urang peka perkembangan zaman atanapi peka ka lingkungan, urang kudu hariwang, upama aya hal-hal anu bertentangan jeung agama diantep terus-terusan, maka pangaruhna bakal beuki kuat, terus sumebar nepi ka ngaruksak tatanan kahirupan di lingkungan urang, anu pada ahirna bakal gampang ngaruksak generasi saparantos urang. Ngaruak akhlakna, elmuna pangartina, bahkan bisa nepi ka ngaruksak masa depan sareng iman-islamna, na'udzubillah tsumma na'udzubillah.

Allah Subhaanahu wa Ta'ala ngingetan urang supados istiqomah dinu kahirupan anu fana ieu.

إِنَّ الَّذِينَ قَالُوا رَبُّنَا اللَّهُ ثُمَّ اسْتَقَامُوا تَتَنَزَّلُ عَلَيْهِمُ الْمَلَائِكَةُ أَلَّا تَخَافُوا وَلَا تَحْزَنُوا وَأَبْشِرُوا بِالْجَنَّةِ الَّتِي كُنتُمْ تُوعَدُونَ (٣٠)

"Saéstuna jalma-jalma anu ngadawuh: 'Pangéran Kami nyaéta Alloh' tuluy maranehna teguh kana pendirianna, tuluy malaikat bakal turun ka maranehna (bari ngomong): 'Ulah sieun jeung ulah sedih; jeung bagja ku (meunang) surga anu geus dijangjikeun ku Allah ka anjeun'. (QS. Fushilat: 30)

Ma'asyirol Muslimin Rohimakumulloh!

Prinsip perjuangan anu kadua, Dzikir ka Alloh. Dzikir ka Alloh nimbulkeun pangaruh anu luar biasa, sabab ku dzikir bakal nimbulkeun katentreman dina jiwa, anu ahirna bakal nguatkeun hate dina merjuangkeun bebeneran ajaran Islam, heunteu gampang goyah di tengah jalan.

Allah Ta'ala ngadawuh:

الَّذِينَ آمَنُوا وَتَطْمَئِنُّ قُلُوبُهُمْ بِذِكْرِ اللَّهِ أَلَا بِذِكْرِ اللَّهِ تَطْمَئِنُّ الْقُلُوبُ (٢٨) الَّذِينَ آمَنُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ طُوبَى لَهُمْ وَحُسْنُ مَآبٍ (٢٩)

"28. (nyaéta) jalma-jalma anu iman jeung haténa ngarasa tenang ku dzikir ka Alloh. Inget, ngan ku inget ka Alloh bakal tengtrem hate. 29 Pikeun jalma-jalma nu iman jeung migawé amal soleh, pikeun maranéhna bagja jeung tempat mulang anu alus (QS. AR Ra'du: 28-29).

Hadirin sidang Jum'at Rohimakumulloh!

Prinsip katilu, taat ka Alloh jeung Rosul-Na. Sangkan urang meunang kabagjaan dina perjuangan hirup, urang kudu taat kana aturan Allah jeung Rasul-Na. Alloh Ta'ala ngadawuh:

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا أَطِيعُوا اللَّهَ وَأَطِيعُوا الرَّسُولَ وَأُولَى الْأَمْرِ مِنْكُمْ فَإِنْ تَنَازَعْتُمْ فِي شَيْءٍ فَرُدُّوهُ إِلَى اللَّهِ وَالرَّسُولِ إِنْ كُنْتُمْ تُؤْمِنُونَ بِاللَّهِ وَالْيَوْمِ الْآخِرِ ۚ ذَٰلِكَ خَيْرٌ وَأَحْسَنُ تَأْوِيلًا (٥٩)

“Hai jalma-jalma nu ariman, ta’at ka Alloh jeung ta’at ka Rosul (Na), jeung ulil amri diantara aranjeun. Lamun maraneh beda pendapat dina hiji perkara, mangka balikkeun ka Allah (Al Qur'an) jeung Rasul (Sunnahna), lamun maraneh bener-bener iman ka Alloh jeung poe akhir. Éta langkung penting (pikeun anjeun) sareng hasilna langkung saé. (QS. An Nisa: 59)

Hadirin Sidang Jum'at Rohimakumulloh

Prinsip kaopat, sangkan perjuangan nu tujuanna ngawujudkeun sistem nilai Islam di lingkungan urang, nya éta ngaraketkeun jajaran jeung ngahiji.

Urang ulah tepi ka cerai-berai, atawa misahkeun diri. Allah Subhanahu wa Ta'ala bener-bener mikanyaah ka jalma-jalma anu berjuang di jalan Alloh kalayan rapi jeung teratur atanapi terorganisir, sakumaha firman-Na.

إِنَّ اللَّهَ يُحِبُّ الَّذِينَ يُقَاتِلُونَ فِي سَبِيلِهِ صَفًّا ۖ كَانَهُمْ بُنْيَانٌ مَرْصُورٌ

“Saéstuna Alloh mikanyaah ka jalma-jalma nu merjuangkeun di jalan-Na dina barisan anu tartib saolah-olah wangunan anu kokoh”. (QS. Ash Shof: 4)

Hadirin sidang Jum'at rohimakumullohh!

Sanaos tos dimodalan ku opat prinsip perjuangan sakumaha anu dijelaskeun, kedah didasaran ku kaikhlasan karana Alloh Subhaanahu wa Ta'ala, margi ieu mangrupikeun syarat amal ibadah urang ditampi ku Alloh.

Mugia urang sadaya anu hadir dina majelis anu barokah ieu sareng kulawargi urang sadaya, salamina kenging hidayah sareng panangtayungan ti Allah Subhaanahu wa Ta'ala, sareng tiasa ngalaksanakeun ibadah kalayan ikhlas, sahingga perjuangan urang dikabulkeun ku Alloh... Amin yaa Robbal 'alamin...

بَارَكَ اللَّهُ لِي وَلَكُمْ فِي الْقُرْآنِ الْعَظِيمِ وَنَفَعَنِي وَإِيَّاكُمْ بِمَا فِيهِ
مِنَ الْآيَاتِ وَذَكَرَ الْحَكِيمِ وَتَقَبَّلْ مِنِّي وَمِنْكُمْ تِلَاوَتَهُ إِنَّهُ هُوَ السَّمِيعُ
الْعَلِيمُ
أَقُولُ قَوْلِي هَذَا وَأَسْتَغْفِرُ اللَّهَ لِي وَلَكُمْ، فَاسْتَغْفِرُوهُ، إِنَّهُ هُوَ الْغَفُورُ
الرَّحِيمُ.

KHUTBAH KEDUA

الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي أَمَرَنَا بِالْإِعْتِسَامِ بِحَبْلِ اللَّهِ، أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ
وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ لَا نَبِيَّ بَعْدَهُ.
فَيَا أَيُّهَا الْمُسْلِمُونَ، أُوصِيكُمْ وَنَفْسِي بِتَقْوَى اللَّهِ. وَاعْلَمُوا أَنَّ اللَّهَ أَمَرَكُمْ
بِأَمْرِ عَظِيمٍ، أَمَرَكُمْ بِالصَّلَاةِ وَالسَّلَامِ عَلَى نَبِيِّهِ الْكَرِيمِ
فَقَالَ: إِنَّ اللَّهَ وَمَلَائِكَتَهُ يُصَلُّونَ عَلَى النَّبِيِّ، يَا أَيُّهَا الَّذِينَ ءَامَنُوا صَلُّوا
عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا تَسْلِيمًا
اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ، وَرَضِيَ اللَّهُ تَعَالَى
عَنْ كُلِّ صَحَابَةٍ رَسُولِ اللَّهِ أَجْمَعِينَ. --- امين يا روبرال العالمين
اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ، وَالْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ
وَالْأَمْوَاتِ

رَبَّنَا هَبْ لَنَا مِنْ أَزْوَاجِنَا وَذُرِّيَّاتِنَا قُرَّةَ أَعْيُنٍ وَاجْعَلْنَا لِلْمُتَّقِينَ إِمَامًا
رَبَّنَا آتِنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ
سُبْحَانَ رَبِّكَ رَبِّ الْعِزَّةِ عَمَّا يَصِفُونَ، وَسَلَامٌ عَلَى الْمُرْسَلِينَ وَالْحَمْدُ
لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ

عِبَادَ اللَّهِ إِنَّ اللَّهَ يَأْمُرُنَا بِالْعَدْلِ وَالْإِحْسَانِ وَإِيتَاءِ ذِي الْقُرْبَى وَيَنْهَى عَنِ
الْفَحْشَاءِ وَالْمُنْكَرِ وَالْبَغْيِ يَعِظُكُمْ لَعَلَّكُمْ تَذَكَّرُونَ وَادْكُرُوا اللَّهَ الْعَظِيمَ
يَذْكُرْكُمْ وَاشْكُرُوهُ عَلَى نِعَمِهِ يَزِدْكُمْ وَلَذِكْرُ اللَّهِ أَكْبَرُ - استغفر الله العظيم
لي ولكم